

## Pou ki sa gen yon plan pou ijans?

Planifikasyon se yon gwo pati nan estrateji FPL pou pwoteje ou menm ak fanmi ou sizoka ta gen yon ijans nan Turkey Point.

Gouvènman Etazini an, Gouvènman lokal la mete ak FPL prepare yon plan ak bon detay pou moun k ap viv, travay, ki ap vizite oubyen ki ale lekòl ant 10 kilomèt de santral. Yo aktyèlman teste plan an nan fè egzèsis pou eseye l epi ak enspeksyon.

## Klasifikasyon pou evenman nan santral nikleyè a

Yo sèvi ak kat non ki anba yo pou dekri evenman ki nan santral nikleyè yo. Sèlman de nan kat evenman yo kab mande aksyon piblik la, tankou rete anndan kay ou oubyen kite zòn ki kontamine a. Ou dwe konnen non sa yo. FPL ap fè otorite nan konti a, eta ak otorite federal konnen lè youn nan sityasyon sa yo ta rive.

**Unusual Event (Evenman ki pa Dabitid)**—Deklarasyon yon evenman ki pa pase kòm dabitid kab yon rezilta yon ensidan ki pa grav, tankou yon moun ki nan santral la ki fè yon aksidan oubyen lè gen posiblite pral gen move tan. *Sa pa mande pou piblik la reyaji.*

**Alert (Atansyon)**—Deklarasyon ki ka mande atansyon kab rezilta yon ensidan ki pa grav ki afekte oubyen ki kab afekte sekirite reyaktè a. *Sa pa mande pou piblik la reyaji.*

**Site Area Emergency (Ijans nan Zòn nan)**—Deklarasyon gen yon ijans nan zòn nan petèt paske yon gwo aksidan ki fèt tankou yon koulay nan sistèm refrijerasyon reyaktè a oubyen dife pran nan youn nan sistèm sekirite yo. Radyo-aktif ka koule oubyen ap koule. *Sirèn ap sonnen, pou fè w konnen pou w branche sou estasyon radyo ak chanèl televizyon lokal yo.*

**(Ijans Jeneral)**—Deklarasyon yon ijans jeneral se li ki pi grav nan klasifikasyon ijans yo. Se posib radyo-aktif k ap koule kab afekte oubyen ap afekte popilasyon deyò santral la. *Sirèn ap sonnen, pou fè ou konnen pou w branche sou estasyon radyo ak chanèl televizyon lokal yo.*

## Ki Sa Zòn ki Planifye pou yon Ijans ye?

Otorite Federal yo etabli yon Plan pou Ijans ki kouvri yon zòn 10 kil omèt kòm yon baz pou pwoteje piblik la an ka ta gen yon ijans nikleyè.

## Ki jan y ap fè w konnen gen yon Ijans?

An ka ta gen yon pwoblèm ijan serye nan "Turkey Point Nuclear Power Plant, Emergency" ki Santral nikleyè a, Otorite Administrasyon kab itilize yon seri metòd pou alète moun ki abite nan yon distans 10 kilomèt bò santral la.

- Sirèn – (vire bouton radyo oubyen televizyon sou estasyon lokal)
- Sistèm estasyon ki bay nouvel yo
- Prekosyon sou wout yo

### Radjo AM

WIOD-610\* (E)  
WINZ-940 (E)  
WLQY-1320 (K)  
WRHB-1700 (K)

### Televizyon

WFOR-Ch 4 (E)  
WTVJ-Ch 6 (E)  
WSVN-Ch 7 (E)  
WPLG-Ch 10 (E)

\*Estasyon Prensipal k ap bay Nouvel nan ka yon Ijans.  
(E) Anglè (K) Kreyòl

Lè aktyèlman gen yon ka ijans, sirèn ap sonnen pou omwen 15 minit. Detanzantan Biwo Administrasyon Miami-Dade County pou ka ijans teste sirèn nan chak premye vandredi nan mwa mas, jen, septanm e desanm a 1:00 nan apremidi. Tès sirèn ap dire 20 jiska 30 minit.

### Nimewo Telefòn yo

Miami-Dade Sant de Répons

**(305) 468-5900**

**TDD: 305-468-5402**

Depatman Polis Metro-Dade

**(305) 476-5423 (4POLICE)**

Line Dinfòmasyon Pou Emèjensi Nan Florida

**1-800-342-3557**

125\_01-205 8/22



Lekòl Leta MiamiDade County



Miami-Dade County  
Biwo Administrasyon  
pou Ijans



Konpayi Elektrik Florid

**POU PARAN ELÈV KI NAN  
LEKÒL LETA NAN ZÒN  
SID MIAMI-DADE COUNTY**

Lekòl pitit ou a tabli nan zòn 10 kilomèt alantou "Florida Power and Light's Turkey Point Nuclear Power Plant" (Santral Nikleyè Turkey Point).


Lwa federal la mande gouvènman lokal yo devlope yon plan pou moun evakye zòn nan an ka ta gen yon ijans. Nou pa gen okenn rezon pou nou ta panse ap gen okenn aksidan nikleyè ki ka mete vi piblik la an danje. Sepandan, akòz nou konsène pou sante e sekirite timoun nou yo nou devlope yon sovgade pou evakye elèv yo sizoka ta gen yon posiblite pou nou ta retire elèv yo nan zòn ki afekte.

Si yo ta evakye lekòl pitit ou a, ou dwe ale chèche pitit ou a nan lekòl apwopriye ki pou resevwa elèv yo. Lè y ap evakye zòn nan y ap otomatikman transpòte tout elèv nan lekòl deziye a ki pa nan zòn ki afekte a.

**PA ESEYE ALE CHÈCHE PITIT OU A NAN LEKÒL KI NAN ZÒN Y AP EVAKYE A. OTORITE LA POLIS PAP KITE PYÈS MOUN ANTRE NAN ZÒN Y AP EVAKYE.**

Pou detèmine ki lekòl yo mennen pitit ou a, sil-voiplè gade nan lòt paj la.

Pou plis enfòmasyon, rele Lekòl Leta Miami-Dade County Depatman, Administrasyon pou pwoteje Anviwonman e Limite Dega nan 305-995-4900 oubyen Biwo Administrasyon pou Ijans Miami-Dade 305-468-5400/TDD: 305-468-5402. An Line: <http://www.miamidade.gov/oem>.



Ignacio Palacio  
District Director M-DCPS  
Division of Safety, &  
Emergency Management

Pete Gomez  
Director, Miami-Dade  
County Office of  
Emergency Management

TIMOUN NAN:	AP EVAKYE ALE:
Air Base K-8 Center for International Education	Coral Reef Elementary 7955 S.W. 152 St.
Arthur & Polly Mays Conservatory of the Arts	Howard D. McMillan Middle 13100 S.W. 59 St.
Avocado Elementary	Pine Lake Elementary 16700 S.W. 109 Ave.
Bel-Aire Elementary	Devon Aire K-8 Center 10501 S.W. 122 Ave.
Campbell Drive K-8 Center	Palmetto Elementary 12401 S.W. 74th Ave.
Caribbean K-8 Center	Pinecrest Elementary 10250 S.W. 57 Ave.
Center for International Education Senior	Palmetto Senior 7460 S.W. 118 St.
Dr. William A. Chapman Elementary	Ethel F. Beckford Elementary 16929 S.W. 104 Ave.
Coconut Palm K-8 Academy	Coral Reef Senior 10101 S.W. 152 St.
Cooper, N.K. (Title I)	Pine Lake Elementary 16700 S.W. 109 Ave.
Corporate Academy So. @ Homestead Sr.	Colonial Drive Elementary 10755 S.W. 160 St.
Cutler Bay Middle	R. Morgan Voc. Tech. 18180 S.W. 122 Ave.
Cutler Bay Senior	Palmetto Middle 7351 S.W. 128 St.
Cutler Ridge Elementary	R. Morgan Voc. Tech. 18180 S.W. 122 Ave.
Florida City Elementary	Palmetto Elementary 12401 S.W. 74 Ave.
Gateway Environmental K-8 Center	Richmond Heights Middle 15015 S.W. 103 Ave.
Goulds Elementary	Colonial Drive Elementary 10755 S.W. 160 St.
Gulfstream Elementary	Coral Reef Senior 10101 S.W. 152 St.
Homestead Middle	Arvida Middle 10900 S.W. 127 Ave.
Homestead Senior	Hammocks Middle 9889 Hammocks Blvd.
Irving & Beatrice Peskoe K-8 Center	Richmond Heights Middle 15015 S.W. 103 Ave.

TIMOUN NAN:	AP EVAKYE ALE:
Leisure City K-8 Center	So. M. Heights Elementary 12231 S.W. 190 Ter.
Mandarin Lakes K-8 Academy	Coral Reef Senior 10101 S.W. 152 St.
Medical Academy for Science & Technology	Coral Reef Senior 10101 S.W. 152 St.
Miami MacArthur South	Richmond Heights Middle 15015 S.W. 103 Ave.
Pine Villa Elementary	Frank C. Martin Elementary 14250 Boggs Dr.
Redland Elementary	South Miami K-8 Center 6800 S.W. 60 St.
Redland Center	Miami Heights Elementary 17661 S.W. 117 Ave.
Redland Middle	South Miami K-8 Center 6750 S.W. 60 St.
Redondo Elementary	Winston Park Elementary 13200 S.W. 79 St.
Saunders, Laura C. Elementary	Porter, G.L. Elementary 15851 S.W. 112 St.
South Dade Tech College	Miami Killian Senior 10655 S.W. 97 Ave.
South Dade Center	Miami Heights Elementary 17661 S.W. 117 Ave.
South Dade Senior	Miami Killian Senior 10655 S.W. 97 Ave.
South Dade Skills Center	Kendale Lakes Elementary 8000 S.W. 142 Ave.
Title I Migrant Office	Palmetto Middle 7351 S.W. 128 St.
Chapman Partnership Early Childhood Center South	
West Homestead Elementary	Pepper, Claude Elem. 14550 S.W. 96 St.
Whigham, Dr. E.L. Elementary & PLC	Pinecrest Elementary 10250 S.W. 57 Ave.
Whispering Pines Elementary	Howard Drive Elementary 7750 S.W. 136 St.